

Plan pou Evite Entimidasyon pou

LEKÒL PIBLIK MATCH CHARTER

I. DIRIJAN

Dirijan eskolè nan tout nivo Lekòl Piblik Match yo ("Match") jwe yon wòl enpòtan nan devlopman ak enplemantasyon Plan pou Evite Entimidasyon ("Plan" an) nan kontèks lòt efò tout lekòl ak kominote yo pou ankouraje klima eskolè pozitif. Lidè yo gen pou premye wòl anseye etidyan yo ak Pèsonèl Eskolè yo pou yo sivilize youn ak lòt epi ankouraje konpreyansyon ak respè pou divèsite ak diferans. Lidè yo responsab pou etabli priyorite epi rete aktyalize ak rechèch aktyèl yo sou fason pou evite epi koresponn efikasman ak Entimidasyon (jan sa define nan Seksyon VIII, anba a). Lidè yo travay nan patisipasyon reprezantatif de pi gwo lekòl e kominote lokal yo nan devlopman epi egzekisyon Plan an.

A. Patisipasyon piblik nan devlopman Plan an. Jan M.G.L. c. 71, § 370 egzije sa a, Plan an pral devlope nan kolaborasyon ak pwofesè yo, Pèsonèl Eskolè yo (jan sa defini nan Seksyon VIII, anba), sipò pwofesyonèl pèsonalize, volontè eskolè yo, administratè yo, reprezantatif kominotè yo, ajans lokal pou fè aplike lalwa yo, etidyan yo, e paran, ak gadyen yo. Konsiltasyon pral gen ladan l, nan yon minimòm, avi ak yon peryòd kòmantè piblik avan Plan an rantrè an aplikasyon.

- a. **Pwofesè yo, Pèsonèl Eskolè yo, sipò pèsònèl pèsonalize, volontè eskolè ak administratè yo** pral resevwa pa lapòs plan pwojè a chak sezon ete e yo pral ba w yon delè pou founi opinyon pou dirijan.
- b. **Reprezantatif kominotè ak ajans lokal pou fè respekte lalwa yo** pral resevwa yon avi ak delè pou l founi kòmantè pou dirijan.
- c. **Etidyan yo, paran, ak gadyen yo** pral enfòmè de plan pwojè a e yo pral ba l yon opòtinite pou founi opinion ba dirijan nan reyinyon Konsèy Konsiltatif FANMI yo (Family Advisory Council) (pou fanmi yo) epi reyinyon eskolè yo (pou etidyan yo).

B. Evalyasyon bezwen ak resous yo. Plan sa a se pwojè orijinèl nou pou n amelyore kapasite pou evite epi koresponn a pwoblèm Entimidasyon nan kontèks lòt inisyativ klima eskolè ki sen. Kòm yon pati nan pwosesis planifikasyon an, lidè eskolè yo, ak patisipasyon paran, oswa gadyen, e Pèsonèl Eskolè yo, evalye konpetans pwogram aktyèl yo; revize règleman e pwosedi aktyèl yo; revize done ki disponib sou Entimidasyon e ensidan kondiktyèl yo; epi evalye resous ki disponib yo sa gen ladan l pwogram akademik, pwogram antrènman yo, epi sèvis sante kondiktyèl yo. Pwosesis "kat jewografik" sa a pral ede dirijan yo nan idantifikasyon lakin ki genyen nan resous yo e domèn ki gen pi plis bezwen. Selon dekouvèt sa yo, nou pral revise oswa devlope règleman ak pwosedi yo; etabli patenarya ak ajans kominotè yo, sa gen ladan l fè respekte lalwa; epi etabli priyorite.

Omwen yon fwa chak kat lane Match pral administre yon sondaj a etidyan devlope-nan Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè pou evalye klima eskolè a ak frekans lan, karakteristik, e severite entimidasyon nan lekòl nou yo. Adisyonèlman, chak ane Match pral rapòte done ensidan entimidatwa yo bay Depatman an e li pral aktyalize Plan an omwen chak de lane.

Dirijan pral kondui yon nouvo evalyasyon ak itilizasyon teknik ki vin ann aprè yo: 1) fè sondaj ak etidyan yo, Pèsonèl Eskolè yo, paran, ak gadyen yo nan klima eskolè a e nan pwoblèm sekirite eskolè yo; ak 2) ranmanse epi analize done espesifik sou entimidasyon sou frekans ak karakteristik Entimidasyon an (pa egzanzp, konsantre sou idantifikasyon popilasyon ki vilnerab yo e "pwen cho yo" nan edifis eskolè yo, sou lakou lekòl la, oswa nan bis lekòl la yo). Enfòmasyon sa a pral ede nan idantifikasyon modèl konduit ak domèn ki bay prewokipasyon yo, e pral enfòmè desizyon ki pran pou estrateji prevantif yo ki gen ladan yo, men ki pa sa sèlman, sipèvizyon granmoun, devlopman pwofesyonèl, laj ki apwopriye pou pwogram nan, epi nan sèvis sipò eskolè yo. Evalyasyon bezwen yo pral fèt endividyèlman an pèsòn e

an gwoup byen bonè nan sezon prentan ak ete a, k ap bay dirijan yo ase tan nan sezon ete a pou mete sou pye nouvo estrateji. Administratè Responsab la (jan I define anba a) pou chak lekòl Match yo pral pran mayèt la ansanm nan konduit epi reponn a evalyasyon bezwen sa a.

C. Planifikasyon ak sipèvizyon. Nan kad Plan an, "Administratè Responsab" vle di. pou chak sit, direktè oswa reprezantan direktè a. Responsabilite pou aspè annapre yo nan plan an ap sou kont **Adiministratè Responsab chak lekòl.**

1. Resevwa rapò sou Entimidasyon
2. Rasanble epi analize entimidasyon - e/oswa done nan tout lekòl la sou Entimidasyon pou evalye pwoblèm aktyèl la epi mezire rezilta yo ki amelyore
3. Kreye yon pwosesis pou anrejistre epi fè suivi sou rapò ensidan yo, e pou gen aksè a enfòmasyon ki relasyon ak Viktim yo (jan sa defini nan Seksyon VIII, anba) e Agresè yo (jan sa defini nan Seksyon VIII, anba)
4. Planifikasyon pou devlopman pwofesyonèl ki ankou ke lalwa egzije
5. Planifikasyon sipò ki koresponn a bezwen Viktim e Agresè yo
6. Chwazi epi devlope pwogram akademik lan ke lekòl la oswa distri a pral itilize a
7. Devlope nouvo oswa revize règleman aktyèl yo ak pwotokòl yo anba Plan an, sa gen ladan l Itilizasyon yon Règleman Akseptab, e deziyasyon pèsònèl prensipal ki pou anchaje l de egzekisyon yo
8. Amande manyèl etidyan ak pèsònèl yo e kòd de konduit yo
9. Dirije angajman efò paran oswa fanmi e redije materyèl enfòmatif paran oswa fanmi yo
10. Revize epi aktyalize Plan an chak ane, oswa pi souvan

D. Deklarasyon Prioritè: Misyon Match se prepare etidyan l yo pou yo reyisi nan inivèsite e aprè sa, an patikilye, sa yo k ap premye dekwoche yon diplòm inivèsite nan fanmi yo. N ap eseye fè lekòl sa a sèvi yon vas kantite moun k ap aprann lang Anglè yo. Nan objektif sa, nou pran angajman pou n bay tout etidyan yo yon anviwònman aprantisaj sekirize ki pa gen Entimidasyon, sa gen ladan l Entimidasyon sou Entènèt (Cyberbullying) (jan sa define nan Seksyon VIII, anba). Angajman sa a se yon pati entegral de efò konpreyansif nou yo pou ankouraje aprantisaj la, e pou evite epi elimine tout fòm Entimidasyon e lòt konpòtman malfezan e prejizisyab ki kapab anpeche pwosesis aprantisaj la.

II. FÒMASYON E DEVLÒPMAN PWOFEZYONÈL

Anba M.G.L. c. 71, § 370 nou gen obligasyon pou n bay devlopman pwofesyonèl kontinyèl pou Tout Pèsònèl Eskolè a.

A. Fòmasyon Pèsònèl Eskolè a nan Plan an. Fòmasyon anyèl pou tout Pèsònèl Eskolè a nan Plan an pral fèt chak sezon ete. Fòmasyon an pral gen ladan l devwa Pèsònèl Eskolè a anba Plan an, yon apèsi jeneral de etap yo ke Administratè Responsab la pral suiv lè yo mande l yon rapò sou Entimidasyon oswa Reprezay (jan sa defini nan Seksyon VIII, anba), e yon apèsi jeneral de pwogram pou evite Entimidasyon ta dwe disponib pou tout klas yo atravè tout lekòl la. Manm Pèsònèl Eskolè yo ki te anplwaye aprè ane eskolè a te kòmanse gen obligasyon pou yo patisipe nan fòmasyon pandan ane eskolè yo anplwaye yo a, amwen ke yo kapab demontre patisipasyon nan yon pwogram akseptab e konparab nan de dènye ane yo.

B. Devlopman pwofesyonèl kontinyèl. Objektif devlopman pwofesyonèl la se pou etabli yon konpreyansyon komen de zouti ki nesèsè yo pou Pèsònèl Eskolè yo pou kreye yon klima eskolè ki favorize sekirite, kominikasyon sivil e respè pou divèsite. Devlopman Pwofesyonèl pral konstui aptitud manm Pèsònèl Eskolè yo pou evite, idantifye, epi

koresspòn a Entimidasyon. Jan M.G.L. c. 71, § 370 egzije sa a, rechèch yo pral enfòmè kontni devlopman pwofesyonèl la e li pral gen ladan l enfòmasyon sou:

- i. Devlopman (oswa laj-) estrateji apwopriye pou evite Entimidasyon;
- ii. Devlopman (oswa laj-) estrateji apwopriye danlimedya, entèvansyon efektif pou sispann ensidan Entimidasyon;
- iii. Enfòmasyon konsènan entèraksyon konplike a e pouvwa diferansyèl ki kapab fèt ant e pami yon Agresè, Viktim, e ki te temwen Entimidasyon an;
- iv. Rezilta rechèch sou Entimidasyon, sa gen ladan l enfòmasyon sou kategori etidyan espesifik yo ki te demontre yo patikilyèman an danje pou sibi Entimidasyon nan anviwònman eskolè a;
- v. Enfòmasyon sou ensidans lan e karakteristik Entimidasyon sou Entènèt la; e
- vi. Pwoblèm sekirite sou entènèt yo jan sa relasyon ak Entimidasyon sou Entènèt.

Devlopman pwofesyonèl la pral abòde tou mwayen pou evite epi koresspòn ak Entimidasyon an oswa Reprezay pou etidyan yo ak andikap ki dwe pran an konsiderasyon lè y ap devlope Pwogram Edikasyon Endividyalize pou etidyan yo (students' Individualized Education Programs (IEPs)). Sa a pral gen ladan l yon konsantrasyon patikilye sou nesite etidyan yo ki souffri otism oswa etidyan yo ke andikap sa afekte devlopman aptitud sosyal yo.

C. Avi alekri pou pèsònèl la. Lidè yo nan Match pral bay tout Pèsònèl Eskolè yo ak volontè yo yon avi alekri chak ane de Plan an pa mwayen piblikasyon enfòmasyon sou li, sa gen ladan l seksyon yo ki relasyon ak devwa Pèsònèl Eskolè yo e Entimidasyon etidyan yo pa Pèsònèl Eskolè a, nan Manyèl Anplwaye a.

III. GEN AKSÈ A RESOUS E SÈVIS YO

Yon aspè prensipal de pwomosyon yon klima eskolè pozitif se asire ke bezwen emosyonèl bazik Viktim yo, Agresè yo, fanmi yo, e lòt yo ankò abòde. Estrateji ki vin an aprè yo pral itilize pou bay sipò e sèvis nesèsè pou konble nesite sa yo.

A. Idantifikasyon resous yo. Tout pèsònèl Match yo pral travay pou sipòte kreyasyon anviwònman eskolè pozitif yo. Yo pral mete entèvansyon bonè sou pye, menm jan ak sèvis entansif yo lè sa nesèsè. Nan sezon prentan epi bonè nan sezon ete chak ane, dirijan yo pral itilize evalyasyon nesèsè yo pou idantifye resous ki egziste epi ki nesèsè yo. Si yo detèmine ke resous nou yo ensifizan pou n konble bezwen yo, nou pral detèmine meyè estrateji yo epi aplike chanjman yo, sa gen ladan l adopte nouvo pwogram akademik, reyòganizasyon pèsònèl, kreyasyon ekip planifikasyon sekirite e idantifikasyon lòt ajans yo ki kapab bay sèvis yo.

B. Oryantasyon e lòt sèvis yo. Yo pral bay oryantasyon pa mwayen pwofesyonèl lisansye yo kontrakte. Lè sa nesèsè, dirijan yo pral kreye patenarya ak kominote selon òganizasyon yo pou bay resous kiltirèl e lengistik apwopriye. Administratè ki Responsab yo, ansanm ak travayè sosyal yo e lòt manm Pèsònèl Apwopriye yo, pral devlope plan sekirite yo pou etidyan yo ki te Viktim de Entimidasyon oswa Reprezay. Kèk enstriman, sa gen ladan l plan entèvansyon kondiktyèl e gwoup endividyalize yo, deja egziste kòm resous e oryantasyon pou l bay aptitud sosyal pou evite Entimidasyon ak sèvis entèvansyon pou etidyan yo k ap demontre konpòtman Entimidasyon.

C. Etidyan ki gen andikap yo. Jan M.G.L. c. 71B, § 3 egzije sa, jan sa amande pa Chapit 92 nan Lwa 2010 yo, lè Ekip IEP a detèmine etidyan an ki gen yon andikap ki afekte devlopman aptitud sosyal yo oswa etidyan kapab patisipe nan oswa li vilnerab a Entimidasyon, asèlman, oswa takinri akòz de andikap li, Ekip IEP a pral konsidere kisa ki ta dwe enkli nan IEP a pou devlopman aptitud e konpetans etidyan an pou evite epi koresspòn a Entimidasyon, asèlman, oswa takinri.

D. Lòt etidyan ki kapab vilnerab yo. Match rekonèt ke etidyan yo kapab pi vilnerab a Entimidasyon ki baze sou diferans reyèl oswa aparant ki relasyon ak ras, koulè, relijyon, zansèt, orijin nasyonal, sèks, sitiyaasyon sosyo-ekonomik, endijan, sitiyaasyon akademik, idantite oswa ekspresyon seksyèl, aparans fizik, ansent oswa sitiyaasyon paran/fanmi, oryantasyon seksyèl, andikap mantal, fizik, devlopmantral oswa sansoryèl oubyen pa asosiyasyon ak lòt moun ki kapab genyen youn oswa plis de karakteristik sa yo. Pèsonèl Eskolè yo ta dwe bay sipò adisyonèl a etidyan ki vilnerab yo, jan sa nesèsè, pou founi yon aptitud, konesans epi estrateji ki nesèsè pou evite oswa koresponn a Entimidasyon oubyen asèlman. Anplis, politik sa a bay tout etidyan yo menm pwoteksyon kèlkeswa estati yo dapre lwa a.

E. Referans pou sèvis andeyò. Lè lidè Match yo, avèk oryantasyon pwofesyonèl lisansye yo, detèmine ke resous eskolè yo pa sifi pou abòde sitiyaasyon Entimidasyon an, yo pral refere etidyan an ak fanmi yo pou yo al pran sèvis deyò. Yo pral mete fanmi yo ak pwofesyonèl lisansye a okouran de referans alekri a epi yon travayè sosyal pral disponib pou founi oryantasyon toutolon de pwosesis la.

Men yon lis ajans eksteryè ke Match te refere etidyan l yo e fanmi yo:

1. Depatman Timoun ak Fanmi yo (Department of Children and Families). Administratè ki Responsab yo kapab rapòte bay ajans sa a abi oswa neglijan oubyen prezans enkyetid sibstansyèl yo sispèk.
2. Oryantasyon Aleksteryè. Match sèvi ak yon travayè sosyal ki gen pou misyon founi kèk sèvis eskolè, men etandone ke anpil etidyan kapab tire pwofi de oryantasyon nòmal aprè sa ke lekòl la gen kapasite pou l bay, travayè sosyal la pral ede fanmi yo sekirize oryantasyon yo jwenn nan men founisè ki aleksteryè yo lè sa apwopriye. Mwayen ki pi fasil la pou fanmi yo fè sa a se jwenn yon referans nan men medsen swen primè yo (medsen famiyal yo).
3. Ankadreman Aleksteryè. Twouve bon konseye pou Viktim e Agresè etidyan yo kapab konstitiye yon entèvansyon itil, men li kapab yon pwosesis trè long. Fanmi yo envolikre yo yon fason pou konplete dokimantasyon epi entèvyouwe. Premye referans yo kapab gen aksè nan: <http://www.bbbsmb.org/GetInvolved/ReferAChild/Default.aspx> or <http://www.bigsister.org/index.cfm?pid=10569>.
4. Ekip Estabilizasyon Famiyal (Family Stabilization Team ("FST")). Opsyon sa a apwopriye lè etidyan an ak fanmi l ta dwe tire pwofi de sipò entansif oswa terapi famiyal. Sèvis FST yo se youn oswa plizyè sante konpòtmantal (sante mantal e abi estipefyan) sèvis ke manm 'BMC HealthNet Plan MassHealth Plan' yo ofri.

IV. **AKTIVITE AKADEMIK E NON-AKADEMIK YO**

Yo pral mete enstriksyon ki apwopriye pou laj nan pwogram akademik lan sou prevansyon Entimidasyon nan chak klas yo. Pwogram akademik lan pral baze sou evidans. Enstriksyon efektif pral enkli apwòch salklas yo, tout inisyatif eskolè yo, ak estrateji konsantre pou prevansyon Entimidasyon e devlopman aptitud sosyal yo.

A. Apwòch espesifik sou prevansyon Entimidasyon. Yo pral enfòme pwogram akademik sou prevansyon entimidasyon an pa rechèch aktyèl la ki, pami lòt bagay yo, mete aksan sou apwòch ki vin ann aprè yo:

- Itilizasyon giyon e jwèt atoudewòl pou devlope aptitud yo;
- Abilite etidyan pou yo poze plis aksyon lè yo konnen kisa pou yo fè lè yo wè lòt etidyan yo oswa Pèsonèl Eskolè yo ap patisipe nan aksyon Entimidasyon oswa Reprezay, sa gen ladan l chache konkou granmoun;
- Ede etidyan yo konprann dinamik Entimidasyon ak Entimidasyon sou Entènèt, sa gen ladan l dezekilibre pouvwa prensipal la;
- Konsantre sou sekirite sibènètik, sa gen ladan l sekirite ak itilizasyon apwopriye de teknoloji kominikasyon elektwonik yo;

- Amelyore abilite etidyan yo pou yo patisipe nan relasyon sanitè (sante) e kominikasyon ak respè; e
- Angaje etidyan yo nan yon anviwònman eskolè sekirize, sipòtif ki respekte divèsite ak diferans.

An Septanm, etidyan yo pral revize tou seksyon Plan yo ki relasyon ak etidyan avèk pèsònèl yo.

B. Apwòch ansèyman jeneral ki sipòte efò pou evite Entimidasyon. Apwòch ki vin ann aprè yo entegral pou etabli yon anviwònman eskolè sekirize e sipòtif. Sa yo souliye enpòtans de entòvansyon nou kont Entimidasyon e inisyatif prevantif yo:

- Tabli atant klè pou etidyan yo epi etabli woutin eskolè ak salklas yo;
- Kreyasyon anviwònman eskolè e salklas sekirize pou tout etidyan yo, sa valab pou etidyan ki gen andikap yo, etidyan ki lesbyèn, ki gey (masisi), biseksyèl, transseksyèl yo, ak etidyan ki endijan yo;
- Itilizasyon repons e ranfòsman pozitif yo, menm lè etidyan yo merite disiplin;
- Itilizasyon sipò kondiktyèl pozitif;
- Ankouraje adilt yo pou yo devlope relasyon pozitif ak etidyan yo;
- Bay bon egzanzp, anseye, epi rekonpanse sosyalman akseptab, ki an sante, ak konduit respètye;
- Itilizasyon apwòch pozitif pou konpòtman ki sen yo, sa gen ladan l rezolisyon pwoblèm kolaborativman, ekip travay, e sipò kondiktyèl pozitif ki ede nan devlopman sosyal e emosyonèl;
- Itilizasyon entènèt an tout sekirite; e
- Sipòte enterè e patisipasyon etidyan yo nan aktivite non-akademik ak ekstrakourikilè yo, patikilyèman nan domèn yo gen pwèn fò yo.

V. RÈGLEMAN AK PWOSEDI POU RAPÒTE EPI KORESPONN AK ENTIMIDASYON E REPREZAY

Règleman ak pwosedi ki vin ann aprè yo pou rapòte e koresponn ak Entimidasyon e Repezay yo pral asire ke manm kominote eskolè yo – etidyan yo, paran yo, fanmi yo, volontè ak Pèsònèl Eskolè yo – konnen sa k pral pase lè ensidan Entimidasyon rive.

A. Rapòte Entimidasyon oswa Repezay. Pèsònèl Eskolè yo, volontè yo, etidyan yo, paran yo, fanmi yo, oswa lòt moun kapab rapòte Entimidasyon oswa Repezay, e sa kapab fèt oralman oswa alekri. Rapò oral yo fèt pa oswa a yon manm Pèsònèl Eskolè a oubyen volontè yo ta dwe mete sa alekri. Yon manm Pèsònèl Eskolè oswa volontè nan obligasyon rapòte imedyatman ba Administratè ki Responsab oswa ba Konsèy Administratif la oubyen reprezantan lè Administratè ki Responsab la se prezime Agresè a, nenpòt enstans de Entimidasyon oswa Repezay manm Pèsònèl Eskolè a oswa volontè vin okouran oswa temwen. Rapò etidyan yo, paran yo, fanmi yo, oubyen lòt moun yo fè, moun ki pa manm Pèsònèl Eskolè Match oswa volontè, kapab fèt de fason anonym. Yon moun kapab rapòte yon ensidan lè l itilize Fòmilè Rapò Ensidan an oswa lè l telefone, lè l poste oswa voye yon imèl ba Administratè ki Responsab oubyen manm Konsèy Administratif oswa reprezantan lè Administratè ki Responsab la se prezime Agresè a.

Itilizasyon de yon Fòmilè Rapò Ensidan se pa yon kondisyon rekiz pou soumèt yon rapò. Match pral: 1) enkli yon kopi de Fòmilè Rapò Ensidan nan Manyèl pou Etidyan ak Fanmi yo e nan Manyèl Anplwaye yo; 2) mete l disponib nan biwo prensipal lekòl la, e lòt kote Administratè ki Responsab la chwazi; e 3) pibliye l sou sit wèb Match la. Fòmilè Rapò Ensidan an pral disponib nan pifò lang ki pi kouran etidyan yo oswa paran/gadyen yo.

Nan kòmansman chak ane eskolè, Match pral bay kominote eskolè a, sa gen ladan l Pèsònèl Eskolè yo, etidyan yo, ak fanmi yo, avi alekri de règleman yo pou rapò zak Entimidasyon e Repezay. Yon deskripsyon de pwosedi rapò ak resous yo pral fè pati Manyèl Etidyan ak Fanmi yo, Manyèl Anplwaye a, sou Sit Wèb Match la, e nan enfòmasyon sou Plan ki disponib pou paran/fanmi yo.

- **Rapò ke Pèsonèl Eskolè oswa Volontè yo Fè:** Yon manm Pèsonèl Eskolè oswa volontè yo pral rapòte imedyatman ba Administratè ki Responsab la lè li temwen oswa vin okouran de konduit ki kapab Entimidasyon oswa Reprèzay. Kondisyon pou fè rapò ba Administratè ki Responsab la pa limite otorite manm Pèsonèl Eskolè yo pou reponn a ensidan konpòtmantal oubyen disiplinè yo avèk Kòd Konduit la, Règleman Disiplinè pou Etidyan, e lòt règleman ak pwosedi ki aplikab yo.
- **Rapò ke Etidyan, Paran, Fanmi, e lòt Moun yo fè:** Match atann ke etidyan yo, fanmi yo, paran yo, e lòt moun ki temwen oswa ki vin okouran de yon enstans de Entimidasyon oswa Reprèzay ki envolikre yon etidyan pou rapòte l ba Administratè ki Responsab la oswa ba Konsèy Administratif la oubyen reprezantan l se Administratè ki Responsab la ki se prezime Agresè a. Rapò yo kapab fèt de fason anonym, men okenn aksyon disiplinè pa pral poze kont yon prezime Agresè inikman sou baz de yon rapò anonym. Etidyan yo, paran yo, fanmi yo, ak lòt moun yo kapab mande èd nan men yon manm Pèsonèl Eskolè a pou konplete yon rapò alekri. Yo pral mete a dispozisyon etidyan yo mwayen pou yo rapòte e diskite yon ensidan Entimidasyon avèk yon manm Pèsonèl Eskolè a, oswa avèk Administratè ki Responsab la de fason pratik, sekirize, an prive e yon fason ki apwopriye pou laj li.

B. Koresponn a yon rapò sou Entimidasyon oswa Reprèzay.

- **Sekirite:** Avan yo mennen yon investigasyon konplè de yon akizasyon sou Entimidasyon oswa Reprèzay, Administratè ki Responsab la pral franchi etap yo pou evalye bezwen an pou restore yon sans de sekirite a prezime Viktim nan e/oswa pwoteje prezime Viktim nan de lòt ensidan ki ka pwodui nan lavni. Repons pou favorize sekirite ka gen ladan l, men pa limite a sa sèlman, kreyasyon yon plan sekirite pèsonèl; chwazi yon plas alavans pou Viktim nan e/oswa Agresè a nan salklas la, lè y ap manje a midi, oswa nan bis la; idantifikasyon yon manm Pèsonèl Eskolè ki pral aji tankou yon “moun de konfyans” pou Viktim nan; e deranje orè epi aksè Agresè a Viktim nan. Administratè ki Responsab la pral pran lòt mezi nesèsè adisyonèl pou favorize sekirite pandan e apre investigasyon an, si sa nesèsè.

Administratè ki Responsab la pral aplike estrateji apwopriye pou Pwoteje kont Entimidasyon oswa Reprèzay, yon etidyan ki te rapòte ke l te viktim de Entimidasyon oswa Reprèzay, yon etidyan ki te temwen Entimidasyon oswa Reprèzay, yon etidyan ki te founi enfòmasyon pandan yon investigasyon, oswa yon etidyan ki gen enfòmasyon konfyab konsènan yon aksyon Entimidasyon oswa Reprèzay ki rapòte.

- **Obligasyon pou Enfòmasyon Lòt Moun Yo**
 - a. Avize paran yo. Lè yo fin detèmine ke Entimidasyon an oswa Reprèzay la te pwodui vre, Administratè ki Responsab la pral enfòmasyon paran oswa gadyen yo tousuit de Viktim nan e de Agresè sa a, epi de pwosedi pou koresponn a sitiyasyon an. Kapab gen sikonstans kote Administratè ki Responsab la kontakte fanmi a avan nenpòt investigasyon. Avi a pral annakò ak règleman leta nan 603 CMR 49.00.
 - b. Avize yon Lòt Lekòl oswa Distri. Si ensidan ki rapòte a envolikre etidyan de plis ke yon distri eskolè, lekòl Charter, lekòl ki pa piblik, jounen edikasyon espesyal prive otorize oswa lekòl rezidansyèl, oubyen lekòl kolaboratif, Administratè ki Responsab la ki premye enfòmasyon de ensidan pral enfòmasyon administratè apwopriye lòt lekòl la (yo) pa telefòn tousuit de ensidan konsa chak lekòl kapab poze aksyon ki apwopriye. Tout komunikasyon yo pral fèt ann akò avèk deklarasyon e privasite lwa e regilasyon leta e federal yo, e 603 CMR 49.00.
 - c. Avize Otorite K ap Fè Respekte Lalwa yo. Nan nenpòt moman apre li fin resevwa yon rapò Brimad oswa Reprèzay, ansanm avèk apre yon ankèt, si Administratè Responsab la gen yon baz rezonab pou li panse gen pouswit penal ki ka anvizaje kont Agresè a, Administratè Responsab la ap enfòmasyon òganis lokal ki la

pou fè aplike lalwa a touswit. Avi a pral ann akò avèk egzijans de 603 CMR 49.00 e akò ki etabli lokalman yo avèk ajans lokal la ki la pou fè respekte lalwa. Si yon ensidan rive tou nan lakou Match e yon ansyen etidyan ki gen mwens ke 21 an enplike, yon etidyan ki pa nan lekòl la ankò, Administratè ki Responsab la dwe kontakte ajans lokal la ki pou fè respekte lalwa si l gen yon baz rezonab pou l kwè ke yo kapab pousuiv Agresè a pou chaj kriminel.

Nan pran desizyon sa a, Administratè ki Responsab la pral chita pale ak ofisye resous eskolè a, si genyen, ann akò avèk Plan an e avèk règleman e pwosedi Match yo ki aplikab, epi lòt moun ke Administratè ki Responsab la estime apwopriye.

C. Envestigasyon. Administratè ki Responsab la pral envestige tousuit tout rapò sou Entimidasyon e Reprèzay yo e, nan fè sa konsa, li pral konsidere tout enfòmasyon disponib li konnen yo, sa gen ladan l karakteristik akizasyon an (yo) e laj etidyan ki enplike yo, e/oswa enfòmasyon ki gen rapò ak manm Pèsonèl Eskolè a oswa volontè ki enplike.

Pandan envestigasyon an Administratè ki Responsab la pral, pami lòt bagay yo, entèvyouwe etidyan yo, Pèsonèl Eskolè la, volontè yo, temwen yo, fanmi yo, e lòt moun si nesèsè. Administratè ki Responsab la (oswa nenpòt moun k ap Mennen envestigasyon an) pral raple prezime Agresè a, Viktim nan, e temwen yo enpòtans envestigasyon an, obligasyon yo pou yo di laverite e ke Reprèzay entèdi estrikteman e sa pral abouti a yon aksyon disiplinè.

Administratè ki Responsab la kapab kondui entèvyou yo, lòt manm Pèsonèl Eskolè yo jan Administratè ki Responsab la detèmine, e nan tèt kole avèk travayè sosyal eskolè a, jan sa apwopriye. Nan mezi sa posib, epi etan done ke l gen obligasyon pou l envestige e abòde pwoblèm nan, Administratè ki Responsab la pral kenbe konfidansyalite pandan pwosesis envestigasyon an. Administratè ki Responsab la pral kenbe yon rejis alekri de envestigasyon an.

Ansuit Administratè ki Responsab la pral rasanble yon panèl konpoze ak pwofesè, pèsonèl e administratè. Panèl la pral mennen odyans separe avèk Viktim nan e prezime Agresè a.

Pwosedi pou envestige rapò sou Entimidasyon e Reprèzay yo pral ann akò avèk nenpòt règleman e pwosedi aplikab Match yo. Si nesèsè, Administratè ki Responsab la pral chita pale avèk konseye jiridik la sou envestigasyon an.

D. Detèminasyon. Administratè ki Responsab la, nan tèt kole avèk panèl la, pral pran yon detèminasyon sou baz tout reyalyte e sikonstans yo. Si aprè envestigasyon, Entimidasyon oswa Reprèzay la pwouve, Administratè ki Responsab la pral pran tout mezi rezonab byen reflechi pou evite repetisyon e asire ke Viktim nan pa gen restriksyon pou l patisipe nan Match oswa nan tire pwofi nan aktivite Match yo. Administratè ki Responsab la pral: 1) detèmine ki mezi korektif ki nesèsè, si genyen, e 2) detèmine ki mezi efektiv e/oswa disiplinè ki nesèsè.

Selon sikonstans yo, Administratè ki Responsab la kapab chwazi rankontre ak pwofesè e/oswa travayè sosyal la (yo), epi fanmi Viktim oubyen Agresè yo, pou idantifye nenpòt pwoblèm sosyal oswa emosyonèl fondamantal (yo) ki kapab te kontribiye a konduit Entimidasyon an e pou abòde nivo bezwen an pou devlopman aptitud sosyal adisyonèl yo.

Administratè ki Responsab la pral enfòmefanmi Viktim nan e Agresè a tousuit de rezilta envestigasyon an epi, si yo dekouvri te gen Entimidasyon oswa Reprèzay, ki aksyon k ap poze pou evite lòt zak Entimidasyon oswa Reprèzay nan lavni. Tout avi y ap voye ba fanmi yo dwe respekte privasite lwa ak règleman leta e federal yo ki an vigè. Akòz de egzijans legal ki konsène konfidansyalite dosye etidyan yo, Administratè ki Responsab la pa kapab rapòte enfòmasyon espesifik bay fanmi Viktim nan konsènan mezi disiplinè ki pran amwen ke li enplike yon entèdiksyon “kanpe lwen” oswa lòt direktiv ke Viktim nan dwe okouran yon fason pou l rapòte vyolasyon yo.

Administratè ki Responsab la dwe enfòmè fanmi Viktim nan konsènan sistèm rezolisyon pwoblèm Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a ak pwosesis pou gen aksè a sistèm sa a oswa chache èd, kelkeswa rezilta rezolisyon Entimidasyon an. Enfòmasyon an pral disponib sou de fòm, ni sou papye ni sou fòm elektwonik.

E. Koresponn ak Entimidasyon an.

1. Anseye Konpòtman Apwopriye Atravè Konstriksyon Aptitud Yo

Aprè ke Administratè ki Responsab la fin detèmine ke te gen Entimidasyon oswa Repezay, lalwa egzije ke Match itilize yon seri de repons ki balanse bezwen pou responsabilizasyon ak nesosite pou yo anseye konpòtman ki apwopriye. M.G.L. c. 71, § 370 (d)(v). Apwòch konstriksyon aptitud yo ke Administratè ki Responsab la kapab konsidere ladan l:

- Ofri sesyon konstriksyon aptitud endividyalize baze sou pwogram akademik eskolè/distik anti-Entimidasyon;
- Founi aktivite edikasyonèl enpòtan pou etidyan yo de fason endividyèl oswa an gwoup, nan tèt kole avèk travayè sosyal yo e lòt pèsònèl eskolè apwopriye;
- Mete sou pye yon seri sipò kondiktyèl akademik e non-akademik pozitif pou ede etidyan yo konprann mwayen sosyal ki akseptab pou atenn objektif yo;
- Reyini ak fanmi yo pou ankouraje sipò fanmi yo epi ranfòse pwogram akademik anti-Entimidasyon an e aktivite konstriksyon aptitud sosyal yo lakay la;
- Adopte plan kondiktyèl pou enkli yon konsantrasyon nan devlopman aptitud sosyal espesifik yo; e
- Fè yon rekòmandasyon pou evalyasyon.

2. Pran mezi disiplinè

Si Administratè ki Responsab la deside ke mezi disiplinè a apwopriye, mezi disiplinè a pral detèmine sou baz reyalyte ke Administratè ki Responsab la jwenn yo, sa enkli kalite konduit la, laj etidyan an (yo) ki envolikre a (yo), e nesosite pou balanse responsablite avèk ansèyman konduit ki apwopriye. Disiplin lan pral ann akò avèk Plan an, Kòd Konduit la, Règleman Disiplinè pou Etidyan, Disiplin pou Etidyan yo ak Règleman Andikap e tout lwa leta e federal ki aplikab yo.

Mezi disiplinè pou anplwaye yo ke yo dekouvri ki te komèt yon aksyon Entimidasyon oswa Repezay dwe ann akò avèk lwa leta e règleman e pwosedi Match yo.

Si Administratè ki Responsab la detèmine ke yon etidyan te depoze yon fo akizasyon ak fèm konviksyon l de Entimidasyon oswa Repezay, etidyan sa a kapab resevwa sanksyon disiplinè.

3. Favorize Sekirite pou Viktim nan ak Lòt Moun yo

Administratè ki Responsab la pral konsidere ki ajisteman, si genyen, ki nesèsè nan anviwònman lekòl la pou amelyore sans sekirite Viktim nan e pa lòt moun yo tou. Yon estrateji ke Administratè ki Responsab la kapab itilize se ogmante sipèvizyon granmoun yo nan moman tranzisyon yo e nan andwa kote yo konnen Entimidasyon konn pwodui oswa li gen anpil chans pou l pwodui.

Nan yon peryòd de tan rezonab aprè detèminasyon an e òdonans pou poze yon aksyon korektif e/oswa disiplinè, Administratè ki Responsab la pral kontakte Viktim nan pou detèmine si wi oswa non te gen yon repetisyon de konduit ki entèdi a e si wi oswa non mezi sipò adisyonèl nesèsè. Si se konsa, Administratè ki Responsab la pral travay avèk Pèsònèl Eskolè apwopriye yo pou konkretize mezi sa yo imedyatman.

VI. KOLABORASYON AVÈK FANMI YO

Chak ane Match pral enfòmasyon fanmi etidyan ki enskri yo de pwogram anti-Entimidasyon k ap itilize. Avi sa a pral gen ladan l enfòmasyon konsènan kijan fanmi yo kapab ranfòse pwogram nan lakay yo e dinamik Entimidasyon yo, sa enkli Entimidasyon sou Entènèt e sekirite sou entènèt. Match pral voye avi alekri ba fanmi yo chak ane sou seksyon ki gen rapò ak etidyan yo de Plan an de Règleman Akseptab Match itilize. Avi sou seksyon ki gen rapò ak etidyan yo de Plan an pral disponib nan lang (yo) ki pi kouran pami lang fanmi yo, etidyan yo. Match pral pibliye Plan an ak enfòmasyon ki gen rapò ak Plan sou sit wèb Match la.

VII. ENTÈDIKSYON KONT ENTIMIDASYON E REPREZAY

Aksyon Entimidasyon yo, ki gen ladan yo Entimidasyon sou Entènèt, entèdi:

1. Nan lakou lekòl la e sou pwopriyete yo ki tou pre lakou lekòl la, nan yon aktivite lekòl la patwosine oswa yon aktivite ki relasyon ak lekòl la, fonksyon, oswa nan yon pwogram keseswa sou lakou lekòl la oswa an deyò lakou lekòl la, nan yon estasyon otobis lekòl la, oswa nan yon bis lekòl la oubyen lòt veyikil lekòl la genyen, lwe, oubyen Match itilize oswa atravè itilizasyon teknoloji oubyen yon aparèy teknolojik Match posede, lwe, oswa itilize, e
2. Nan yon andwa, aktivite, fonksyon, oswa pwogram ki pa gen rapò ak lekòl la atravè itilizasyon teknolojik oswa yon aparèy elektwonik ke Match pa posede, lwe, oubyen itilize, si aksyon an kreye yon Anviwònman Ostil (jan sa defini nan Seksyon VIII, anba) nan Match pou Viktim nan oubyen temwen yo, vyole dwa yo nan Match, oswa deranje pwosesis edikatif la materyèlman e sibstansyèlman oswa lòd operasyonèl Match.

Reprezay kont yon moun ki rapòte Entimidasyon, ki founi enfòmasyon pandan yon envestigasyon sou Entimidasyon, oswa temwen oubyen te gen enfòmasyon valab sou Entimidasyon entèdi tou.

Jan sa deklare nan M.G.L. c. 71, § 370, anyen nan Plan sa a pa egzije pèsònèl Match yo patisipe nan okenn aktivite, fonksyon, oswa pwogram non-eskolè.

VIII. DEFINISYON

“Agresè” se yon etidyan oswa yon manm Pèsònèl Eskolè a ki patisipe nan Entimidasyon, Entimidasyon sou Entènèt, oswa Reprezay anvè yon etidyan.

“Entimidasyon,” jan sa defini nan M.G.L. c. 71, § 370, se itilizasyon repete pa youn oswa plizyè etidyan oubyen pa yon manm Pèsònèl Eskolè a de yon ekspresyon alekri, vèbal, oswa elektwonik oubyen yon aksyon fizik oswa jès oubyen nenpòt konbinasyon de sa, direje a yon sib ki:

- i. Koze domaj emosyonèl a Sib la oswa andomaje pwopriyete Sib la;
- ii. Plase Sib la nan krent rezonab pou andomaje pwòp tèt li oswa pwopriyete li;
- iii. Kreye yon Anviwònman Ostil nan lekòl la pou Sib la;
- iv. Vyole dwa Sib la gen lekòl la; oswa
- v. Materyèlman e sibstansyèlman deranje pwosesis edikatif la oswa lòd operasyonèl yon lekòl.

“Entimidasyon sou Entènèt” se Entimidasyon atravè itilizasyon teknoloji oswa aparèy elektwonik yo tankou telefòn, selilè, òdinatè, epi entènèt. Sa enkli, men li pa limite a sa sèlman, imèl, mesaj enstantane, mesaj tèks, epi poste sou entènèt. Al gade M.G.L. c. 71, § 370 pou definisyon legal de Entimidasyon sou Entènèt (Entimidasyon Sibènètik).

“Anviwònman Ostil,” jan sa defini nan M.G.L. c. 71, § 370, se yon sitistasyon kote Entimidasyon lakoz anviwònman lekòl la enfekte avèk entimidasyon, ridikil, oswa ensilt ki sifizamman sevè oswa ki anwayisan pou deranje kondisyon edikatif edidyan an.

“Reprezay” se nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa asèlman dirije kont yon etidyan ki rapòte Entimidasyon, ki founi enfòmasyon pandan yon envestigasyon sou Entimidasyon, oswa temwen oubyen gen enfòmasyon konfyab sou Entimidasyon an.

“Pèsonèl Eskolè” siyifi moun Match anplwaye, sa enkli, men li pa limite sèlman a, edikatè, administratè, travayè sosyal, enfimyè lekòl la yo, travayè nan kafeterya, gadyen, chofè bis, antrenè atletik, konseye pou aktivite andeyò lekòl la, pèsonèl sipò, oswa asistan pwofesyonèl yo.

“Sib” se yon etidyan k ap fè fas ak Entimidasyon, Entimidasyon sou Entènèt (Entimidasyon Sibènètik), oswa Reprezay te fèt sou li.

IX. RELASYON AK Lòt Lwa yo

Ann akò ak lwa leta e federal yo, e règleman Match yo, okenn moun pa dwe sibi diskriminasyon pou l rantre nan yon lekòl piblik nan nenpòt vilaj oswa nan jwenn avantaj, privilèj ak kou pou l etidye nan lekòl piblik sa yo akòz de ras, koulè, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, aparans fizik, relijyon, orijin nasyonal, zanzèt, kondisyon sosyo-ekonomik, kondisyon akademik, oryantasyon seksyèl, oubyen devlopman mantal, fizik, oswa andikap sansoryèl, oswa nan asosiyasyon ak yon moun ki genyen oswa yo apès ki genyen youn oswa plis nan karakteristik sa yo. Anyen nan Plan pa anpeche Match poze aksyon pou remède a diskriminasyon oswa asèlman sou baz ke yon moun fè pati yon kategori ki pwoteje legalman pa lwa lokal, leta, oswa federal yo, oubyen règleman Match.

An plis de sa, anyen nan Plan pa fèt oswa eseye tante limite otorite match pou anpeche l pran desizyon disiplinè oswa poze lòt aksyon anba Kòd de Konduit la, Règleman Disiplinè pou Etidyan yo, Disiplin pou Etidyan ak Règleman pou Andikap, lòt règleman enpòtan, e nenpòt lwa ki aplikab, an repons a konpòtman ki vyolan, nuizib, oswa pètibatè, kèlkeswa Plan kouvri ou non konpòtman an.

X. REZOLISYON LITIJ

Nenpòt fanmi ki vle fè yon reklamasyon/oswa ekspriye enkyetid li oubyen chache èd andeyò Match kapab fè sa avèk Depatman Sistèm Pwogram Edikatif Elemantè e Segondè a (Program Resolution System (PRS)). Nou kapab jwen enfòmasyon sa a sou: <http://www.doe.mass.edu/pqa>, nou ka voye imèl yo ba compliance@doe.mass.edu oswa moun yo kapab telefone 781-338-3700.

Aktyalize: Jiyè 2023

PREVANSYON AK ENTÈVANSYON ENTIMIDASYON

FÒMILÈ POU RAPÒTE ENSIDAN

I. RAPÒ

1. **Non Repòtè a/Moun Ki Ranpli Ranpò a:** _____

(Nòt: Rapò yo ka fèt de fason anonym, men yo pa pral pran okenn mezi disiplinè kont yon prezime Agresè sèlman sou baz de yon rapò anonim.)

2. **Ansèkle si w se youn nan sa yo: Sib konpòtman an Repòtè (pa Sib)**

3. **Ansèkle si w se youn nan sa yo: Etidyan Manm pèsònèl (pozisyon)**

Volontè Paran Administratè Lòt (espesifye) _____

Nimewo telefòn ou: _____ **Si w se yon etidyan, klas ou:** _____

4. **Enfòmasyon sou ensidan an:**

Non Sib la (de konpòtman): _____

Non Agresè a (moun ki enplike nan konpòtman an): _____

Dat (yo) Ensidan an (yo): _____

Lè Ensidan (yo) te Pwodui: _____

Andwa Ensidan (yo) te Pwodui (eseye espesifik otan ke posib): _____

5. **Temwen yo (Fè lis moun ki te wè ensidan an oswa ki gen enfòmasyon sou li):**

Non: _____ **Etidyan Pèsònèl Lòt** _____

Non: _____ **Etidyan Pèsònèl Lòt** _____

Non: _____ **Etidyan Pèsònèl Lòt** _____

6. Dekri detay ensidan yo (enkli non moun ki envolikre yo, sa k te pase, e kisa chak moun te di e fè, enkli mo espesifik yo te itilize yo). Tanpri si sa nesèsè itilize papye adisyonèl.

SÈLMAN POU UTILIZASYON ADMINISTRATIF

7. **Siyati Moun Ki Ranpli Rapò sa a:** _____ **Dat:** _____

(Nòt: Rapò yo dwe fèt de fason anonim.)

8. **Yo te bay Fòmilè a:** _____ **Pozisyon:** _____

Siyati: _____ **Dat:** _____

Fòm Investigasyon Entimidasyon

I. Investigasyon

1. Investigatè (yo):

Non	Pozisyon

2. Entèvyou:

Sib(yo)	Non	Dat
	Non	Dat
	Non	Dat
Agresè(yo)swadizan	Non	Dat
	Non	Dat
Temwen(yo)	Non	Dat
	Non	Dat
	Non	Dat

3. Èske Agresè a te enplike nan lòt ensidan avan sa? Wi Non

a. Si wi, èske sib la oswa gwoup ki sible a te envolikre avan sa? Wi Non

b. Èske te gen kèk ensidan avan sa ke yo te konstate entimidasyon e/oswa reprezay? Wi Non

4. **Rezime Investigasyon an (tanpri si nesesè itilize papyè adisyonèl):**

II. Detèminasyon

“Entimidasyon,” as defined in M.G.L. c. 71, § 37O, se repete itilizasyon youn oswa plis elèv oswa yon manm nan anplwaye lekòl la nan ekspresyon ekri, vèbal, oswa elektwonik oswa yon travay fizik, jès oswa nenpòt konbinezon, ki vize nan dirije nan yon Sib ki:

1. Kòz domaj fizik, emosyonèl, sou pwopriyete a.;
2. Mete respè pou sib la yon fason rezonab pou li menm oswa pwopriyete l;
3. Kreye yon anviwònman ostil nan lekòl la; ;
4. Vyole dwa espesik lekòl la e; oswa
5. Anpeche pwosesis edikasyon lekòl la Materyèlman oswa sibstansyèlman .

“Asèlman” yo defini l kòm konduit ki pa apwopriye, kit vèbal oswa fizik, ki baze sou ras, koulè, orijin, etnik, sèks, enfòmasyon jenetik, idantite seksyèl / ekspresyon, oryantasyon seksyèl, kwayans relijye, enfimite oswa laj.

“Vanjans” se nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa asèlman ki vize kont yon elèv ki denonse Entimidasyon an, poutèt li bay enfòmasyon pandan envestigasyon sou Entimidasyon, oswa temwen ki gen enfòmasyon enpòtan sou Entimidasyon.

1. Konsta entimidasyon, asèlman, oswa vanjans:

Entimidasyon Wi Non

Asèlman Wi Non

Reprezay Wi Non

III. Aksyon k ap Poze

Si gen entimidasyon: y ap aplike aksyon disiplinè ki apwopriye, retabli sans sekirite, evalye bezwen espesifik pou pwoteksyon, epi enfòmasyon fanmi konsène a sou aksyon yo pran pou anpeche okenn entimidasyon oswa vanjans.

Si gen asèlman; y ap aplike aksyon disiplinè ki apwopriye, aksyon korektif ak ratrapaj pou sispann konpòtman an, anpeche sa repete, epitou retire efè asèlman ak diskriminasyon sou viktim lan ak lekòl la.

1. Kontak ki fèt yo

			Mod Kontak		
	Non	Dat	Reyinyon	Imèl	Apèl

Fanmi Espesifik					
Fanmi Agresè a					
Pèsonèl Lòt Lekòl					

Nòt

2. Aksyon kip ran yo

Pou Viktim(yo)

- Reyinyon Fanmi
- Kreye yon plan sekirite epi aplike l
- Oryantasyon ki baze sou konseye lekòl la
- Lòt _____

Pou Agresè(yo)

- Reyinyon Fanmi
- Aksyon Disiplinè
- Mezi Retwo aktif yo
- Lòt _____

Pou Lekòl/Espektatè yo

- Plan leson konsitatif

	Dat li te pwograme	Dat li te konplete
Kontinye ak viktim lan (yo)		
Kontinye ak agresè a(yo)		
Rapò yo voye bay direktè a		
Rapò yo voye bay direktè Egzekitif la		

- Komite reyinyon
- Lòt _____

IV. Suit

Moun ki te ranpli rapò sa: _____

Siyati: _____

Dat: _____